



**FLORIDA DEPARTMENT OF HEALTH**

OFFICE OF VITAL STATISTICS

P.O. Box 210

Jacksonville, Florida 32231 0042

Téléfono 904 359 6900 ext. 1081

[http://www.doh.state.fl.us/planning\\_eval/vital\\_statistics/putative.htm](http://www.doh.state.fl.us/planning_eval/vital_statistics/putative.htm)

Nou ofri tou

Batistè Komemoratif  
Ak Maryaj Komemoratif

Pou plis detay, rele oswa ekri

Lèt Sèvis Estatistik Eta Sivil

Kopi Sètifye Evenman nan Florida

Nesans, Lanmò, Lanmò anbriyon, Maryaj, Divòs

Ou gen keksyon? Rele (904) 359 6900, Ekt. 9000

Oswa ekri:

**Commemorative Certificates**

**Office of Vital Statistics**

Post Office Box 210

Jacksonville, Florida 32231 0042

Fòm 771 (3/06) Depatman Sante  
Nimewo Estòk: 5730 771 0150 1

*Enskripsyon Pou  
Papa Naturel*



**DEPATMAN SANTE LAFLORID**

**BIWO ESTATISTIK ETA SIVIL**



NFÒMASYON NOU BAY NAN DOKIMAN  
SILA A PA FÈT POU SÈVI KÒM KONSÈY  
LEGAL. POU KEKSYON KI KONSÈNE

PATÈNITE, SIPOZISYON PATÈNITE, OSWA DWA AK  
RESPONSABILITE PARAN, AL WÈ YON AVOKA.

## ENSKRIPSYON POU PAPA NATUREL — KAD AK OBJECTIF

**S**EKSASYON 63.054, ESTATI LA FLORID LA PREVWA POU LI ETABLI YON BIWO ENSKRIPSYON POU PAPA NATUREL ANNDAN “BIWO ESTATISTIK ETA SIVIL” LA (OVS), DEPATMAN SANTE LA FLORID. Bi rejis la se pèmèt yon gason ki kwè li se papa yon timoun pou li montre angajman li nan responsabiltè li genyen kòm paran, san sa pa depann de manman an, epi pou li pwoteje dwa li kòm paran nan ka yo ta plase timoun nan pou adopsyon.

Si yon papa biyolojik ki pa marye pa fè sa li sipoze fè pou tabli yon relasyon ak pitit li, li kapab pèdi avantaj li kòm paran konplètman, oswa yo kapab diminye yo anpil, poutèt li pa pase atan etap legal ki disponib yo pou jistifye avantaj li kòm paran.

### YO SIPOZE YON GASON SE PAPA BIYOLOJIK LA SI:

- \* Manman minè a te vin ansent oswa minè a te fèt pandan papa a te marye ak manman an;
- \* Li te adopte minè a;
- \* Lajistis tabli minè a se pitit li;
- \* Li soumèt yon afidavi patènite; pou sa li rekonèt patènite a ansanm ak manman pitit la nan lopital la nan moman timoun nan fèt: oswa
- \* Apre timoun fin fèt li soumèt yon rekonesans patènite ansanm ak manman timoun nan nan Biwo Leta Estatistik Eta Sivil la; toulède tabli patènite dapre Seksyon 742.10, Estati Florida a.



## Enfòmasyon FÒM POU RANPLI YON DEMANN PATÈNITE.

- \* **OU KAPAB RANPLI YON FÒM DEMANN PATÈNITE** anvan nesans lan; sepandan, ou pa kapab ranpli yon demann patènite apre ou fin soumèt yon pètisyon pou anile dwa w kòm paran.
- \* **MOUN KI RANPLI FÒM 1965 DEPATMAN SANTE A, DEMANN PATÈNITE**, aksepte pran tès ADN a sou demann nenpòt ki pati, li menm, oswa moun k ap adopte a, pou yo konpare ak pa timoun li mete nan demann patènite a. Moun k ap ranpli fòm nan kapab, nenpòt ki lè anvan timoun l ap reklame kòm pitit li a fèt, ekzekite yon revokasyon ekri notarye pou demann patènite li te soumèt la epi ak revokasyon sa a, demann patènite a ap anile.
- \* **SI TRIBINAL LA DETÈMINEN MOUN KI RANPLI FÒM NAN PA PAPA** timoun nan, tribinal la ap bay depatman an lòd pou li retire non moun ki te ranpli fòm nan nan rejis la.
- \* **SE OBLIGASYON MOUN KI RANPLI FÒM NAN**, oubyen ajan li oswa reprezantan li chwazi a, pou li fè konnen epi pou li chanje enfòmasyon ki nan rejis la nan Estatistik Eta Sivil, si li chanje adrès oubyen si li chwazi yon lòt ajan oswa reprezantan.



- \* **ESTATISTIK ETA SIVIL AP FÈ MOUN KI RANPLI FÒM NAN KONNEN** alekri, yo resevwa yon Demann Patènite oswa Revokasyon yon Demann Patènite.
- \* **DAPRE S. 63.541, ESTATI LA FLORID**, enfòmasyon ki nan rejis la konfidansyèl epi yo kapab divilge li bay sèlman:
  - a) yon moun k ap adopte, si li ranpli yon demann pou yon rechèch nan Enskripsyon Pou Papa Naturel Laflorid la nan ka yo planifye adopte yon timoun,
  - b) papa biyolojik ki pa marye ki te ranpli fòm nan lè yo resevwa yon demann notarye pou yon kopi enskripsyon rejis sa a epi
  - c) tribinal la, si yo soti yon òdonans ki konsène yon pètisyonè k ap reprezante tèt li nan yon aksyon lajistis ki tonbe nan chapit sa a.
- \* **LALWA LA FLORID MANDE \$9.00** pou soumèt epi kataloge yon demann patènite